

## TRADHISI SAJRONE SERAT NARPAWANDAWA SURAKARTA

**IKA SULISTIANI**  
PENDIDIKAN BAHASA DAERAH  
FAKULTAS BAHASA DAN SENI  
UNIVERSITAS NEGERI SURABAYA

### **Abstrak**

Serat *Narpawandawa Surakarta* mujudake sastra Jawa kraton, amarga sajrone serat kasebut medharake asil kabudayan saka masyarakat Jawa kang urip lan ngrembaka ing lingkungan kraton. Reriptan sastra iki kang medharake bab tradhisi-tradhisi kang dumadi sajrone kraton Surakarta minangka pangenget-enget tumrap sanak sedulur Kraton Surakarta. Serat iki patut didadekake panliten amarga sajrone serat ngandhut perangan kang mligi arupa tradhisi lan nilai-nilai, kang bisa didadekake patuladhan uripe masyarakat Jawa.

Adhedhasar babagan kasebut nyengkuyung panliti kanggo nintingi serat *Narpawandawa Surakarta* lumantar underan ngenani: (1) Kepriye idhentifikasi serat *Narpawandawa Surakarta*, (2) Apa wae tradhisi kang tinemu sajrone serat *Narpawandawa Surakarta*, lan (3) Apa wae nilai kang kinandhut sajrone serat *Narpawandawa Surakarta*. Ancas saka panliten iki, adhedhasar underan ing ndhuwur, kanggo ngandharake wujude tradhisi-tradhisi kang tinemu sajrone serat. Panliten iki dikarepake bisa menehi paedah tumrap panliti lan pamaos. Panliti dikarepake bisa nambah kawruh ngenani pangetrapane teori sastra, mligine sajrone serat *Narpawandawa Surakarta*, lan luwih mahami isi sarta tradhisi-tradhisi kang ana sajrone serat kasebut. Dene pamaos dikarepake bisa njembarake kawruh lan seserepan ngenani sastra klasik lan nggampangake pamaos kanggo mahami sistem panguripane masyarakat Jawa mligine tradhisi-tradhisi kang ana sajrone serat kasebut.

Panliten iku nggunakake landhesan teori kabudayan universal ngenani pitung sistem yaiku (1) sistem religi lan upacara keagamaan, (2) sistem organisasi kemasyarakatan, (3) sistem pengetahuan, (4) sistem basa, (5) sistem kesenian, (6) sistem pakaryan, lan (7) sistem teknologi lan piranti, kang diandharake dening Koentjaraningrat kanggo nintingi tradhisi kraton kang tinemu sajrone serat. Saliyane iku, kanggo ngrembug lan ngandharake prekara kang ana sajrone serat nggunakake teori hermeneutik yakni karya sastra perlu ditafsirake jalaran nggunakake basa, amarga sajrone basa mau ana makna kang kasimpun utawa sengaja disimpun kanggo kepentingan tartamtu, kang diandharake dening Ratna.

Tintingan tumrap serat kasebut nggunakake metode deskriptif kualitatif. Sumber data kang digunakake yaiku serat *Narpawandawa Surakarta* kang asale saka kapustakan pribadi kagungane Bapak Agus Prasmono, dene data kang digunakake yaiku tembung, ukara, lan wacana kang mujudake anane tradhisi sajrone kraton Surakarta. Panliti tumindak minangka instrumen sajrone panliten iki. Teknik pangumpule data yaiku metode pustaka, teknik maca, alih aksara lan nyathet. Teknik pangolahe data nggunakake metode deskriptif analisis.

Adhedhasar asile panliten ngenani idhentifikasi naskah bisa diweruhi kahanane serat isih apik, serat dumadi saka 64 kaca, wujude gancaran lan wujud tembang namung ana ing perangan ngarep. Tulisane nggunakake media cetak, wujud tulisane aksara Jawa, ana saperangan kang awujud gambare Pakubuwana kanggo nyethakake andharane serat. Tradhisi kang tinemu ing serat kasebut yaiku: (1) Tradhisi Mahesa Lawung, (2) Tradhisi Grebeg ana telu yaiku Grebeg Mulud, Grebeg Syawal, lan Grebeg Besar, (3) Tradhisi Rampog Macan. Saliyane iku uga ditemokake tradhisi liya kang katindakake ing kraton, yaiku: (1) Tradhisi Mitoni, (2) Tradhisi Tedhak Siten, (3) Tradhisi Supitan, lan (4) Tradhisi Mantenan. Sajrone serat kasebut ngandhut nilai-nilai. Nilai-nilai kang kinandhut yaiku (1) nilai sosial, (2) nilai didaktis, lan (3) nilai filsafat.

## PURWAKA

Adhedhasar punjere pangrembakane, sastra Jawa digolongake dadi telung periode yaiku sastra Jawa kuna, sastra Jawa pertengahan lan sastra Jawa anyar. Sastra Jawa kuna ngrembaka wiwit abad IX nganti purwane paprentahan Majapahit. Dene sastra Jawa pertengahan muncul wiwit jaman Singasari nganti surute Majapahit kang ditandhani kanthi muncule pangaribawa Islam ing Jawa. Sastra Jawa anyar tuwu wiwit anane Islam nganti saiki (Suwarni, 2007:1).

Kasusastran Jawa anyar tuwu saka rong jinis titikan karya sastra, yaiku paugeran karya sastra Jawa kraton lan karya sastra Jawa pesisir. Karya sastra Jawa kraton yaiku asil kabudayan saka masyarakat Jawa kang urip lan ngrembaka ing lingkungan kraton. Kasusastran Jawa Pesisiran yaiku asil kabudayan ing laladan pesisir mligine sisih lor pulo Jawa (Koentjaraningrat, 1984:15-26).

Sastra Jawa anyar wis akeh ngasilake reriptan sastra kang awujud serat kang dicetak sajrone basa lan aksara Jawa. Serat minangka asile reriptan kang awujud tulisan jaman biyen kang ngandharake pamikiran, pangrasa lan ngandharake ngenani maneka warna sudut panguripan kang wis dumadi (Baried, 1994: 1). Manungsa kang nduweni rasa pangrasa kang jero, kanthi carane dhewe bisa negesi lan mangerten i sakehe prekara kang ana. Reriptan kang ngandhut andharan ngenani jaman biyen iku dumadi saka latar sosial budaya kang wis ora ana maneh utawa ora padha karo latar sosial budaya masyarakat jaman saiki.

Serat *Narpawandawa Surakarta* iki mujudake sastra Jawa kraton, amarga sajrone serat kasebut medharake asil kabudayan saka masyarakat Jawa kang urip lan ngrembaka ing lingkungan kraton. Panulise serat kasebut adhedhasar asil saka musyawarah kang katindakake dening para panitya. Adhedhasar kamus *Bausastra Jawa*, tembung *Narpawandawa Surakarta* nduweni teges sanak sedulure Kraton Surakarta. Reriptan sastra iki kang medharake bab tradhisi-tradhisi kang dumadi sajrone kraton Surakarta minangka pangenget-enget tumrap sanak sedulur Raja Surakarta.

Serat *Narpawandawa Surakarta* nduweni titikan kang narik kawigaten tumrap panliti. Sepisan, amarga durung ana kang nintingi serat kasebut. Kaping pindho, serat iki mujudake serat lawas kang kudu dijaga, jalaran serat iki isine medharake ngenani sejarah lan tradhisi kraton kang isih katindakake. Kaping telu, serat kasebut wigati banget kanggo ditliti, amarga tradhisi-tradhisi kraton kang kinandhut sajrone serat mau menehi piguna kanggo ngrembakakake lan nyengkuyung anane kabudayan. Tradhisi kang ana ing antarane yaiku Tradhisi Mahesa Lawung, Tradhisi Grebeg, Tradhisi Rampog Macan, Tradhisi Mitoni, Tradhisi Tedhak Siten, Tradhisi Supitan, Tradhisi mantenan, lan sapanunggalane.

Adhedhasar andharan kasebut, sajrone kalodhangan iki serat *Narpawandawa Surakarta* bakal ditintangi mawa tintingan sastra. Kanggo negesi prekara kang onjo sajrone serat kasebut

kanthi luwi cetha, saengga babagan tradhisi kang ana sajrone serat kasebut bisa diweruhi lan dimangerten i dening masyarakat nggunakake teori Hermeneutik. Panliten iki dikarepake bisa menehi paedah tumrap pamaos kanggo nambah kawruh babagan budaya Jawa lan bisa mujudake watek manungsa kang luhur, saengga bisa nguwatake ketahanan sosial kanthi mujudake jati dhirine bangsa.

Adhedhasar alasan panliten saka andharan ing dhuwur, underan sajrone panliten iki bisa dipunjerake kaya mangkene: (1) Kepriye idhentifikasi serat *Narpawandawa Surakarta*, (2) Apa wae tradhisi kang tinemu sajrone serat *Narpawandawa Surakarta*, lan (3) Apa wae nilai kang kinandhut sajrone serat *Narpawandawa Surakarta*?

Adhedhasar underane panliten kadudut ancane panliten kaya mengkene: (1) Kanggo njlentrehake idhentifikasi serat *Narpawandawa Surakarta*, (2) Kanggo njlentrehake tradhisi apa wae kang tinemu sajrone serat *Narpawandawa Surakarta*, lan (3) Kanggo njlentrehake nilai-nilai kang kinadhus sajrone serat *Narpawandawa Surakarta*.

Panliten iki diajab bisa menehi paedah tumrap panliti lan pamaos, dene paedahe yaiku: (1) Tumrap panliti dikarepake bisa nambah kawruh ngenani pangetrapane teori sastra, mligine sajrone serat *Narpawandawa Surakarta*, lan luwi mahami isi sarta tradhisi-tradhisi kang ana sajrone serat kasebut, (2) Tumrap pamaos dikarepake bisa njembarake kawruh lan seserepan ngenani sastra klasik lan nggampangake pamaos kanggo mahami sistem panguripane masyarakat Jawa mligine tradhisi-tradhisi kang ana sajrone serat kasebut.

## TINTINGAN KAPUSTAKAN

### Sastra

Reriptan sastra yaiku gegambarane panguripan. Senajan minangka gambaran, reriptan sastra ora tau nyonto saka panguripan. Reriptan sastra mujudake asil pamikiran ngenani panguripan kang awujud fiksi lan diciptakake dening pangripta kanggo ngrembakakake penghayatane pamaos tumrap sawijine panguripan kang disuguhake. Kariptane sawijine sastra dening pangripta kanthi cara langsung lan ora langsung mujudake kebebasan sikap budaya pengripta tumrap realita kang ditemahi.

Reriptan sastra mujudake bagian saka kabudayan, laire ing tengah-tengahe masyarakat ora luput saka dayane sosial lan budaya. Pangaribawa kasebut asipat timbal balik, tegese reriptan sastra bisa mrabawan lan kaprabawan dening masyarakat. Laras karo andharane Ratna (2012:328) yen keragaman sastra mujudake keragaman latar belakang sosial budayane. Indonesia minangka sijis-jisine negara kesatuan kang kasusun dening ewon pulo-pulo, kanthi adat-istiadat, agama, suku, lan ras kang beda-beda. Saka beda-bedane kasebut reriptan sastra ditulis, struktur carita kawangun, lan

pandangan dunia kawujudake. Wis wayahe sakabehe kabudayan bisa ditintingi dening panulis pribumi. Kaya-kaya pangripta pribumi kang bisa ngandharake kanthi objektif dununge aspek-aspek kabudayan bangsa.

### Kabudayan

“Kabudayan” yaiku asale saka huruf Sansekerta *buddayah*, yaiku bentuk jamak saka *buddhi* sing tegese “budi” utawa “akal” ka-budaya-an iku bisa diwehi teges “bab-bab kang ana gegayutane karo budi lan akal” (Koentjaraningrat, 1985:9). Banjur Koentjaraningrat uga ngutip andharane Zoetmulder yen kabudayan yaiku perkembangane saka budi, kekuwatan saka asal sing arupa cipta, rasa, lan karsa. Koentjaraningrat (2005:11) kabudayaan yaiku sakabehane gagasan lan karyane manungsa sing kudu dibiyasakake karo sinau, sarta sakabehe gagasan lan karya manungsa kang kang kudu dibiyasakake karo sinau. Kanthi cara universal konsep kabudayan rowa banget amarga njangkepi sakabehe aktivitas manungsa sajrone uripe. Miturut Koentjaraningrat (1985:2) analisis konsep kabudayan universal ing donya arupa isi kabudayan dibedakake sajrone pitung sistem, yaiku (1) sistem religi lan upacara keagamaan, (2) sistem organisasi kemasyarakatan, (3) sistem pengetahuan, (4) sistem basa, (5) sistem kesenian, (6) sistem pakaryan, lan (7) sistem teknologi lan piranti.

### Tradhisi

Poerwadarminta (1939:1088) negesi tradhisi minangka sakabehe adat, kapercayan, lan liya-liyane kang diwarisake para leluhur. Tradhisi uga ditegesi minangka pakulinan kang turun-temurun sajrone bebrayan (Rendra, 1984:3). Dadi, tradhisi yaiku pakulinan kang diwarisake secara turun temurun dening leluhur ing sajrone kolektif bebrayan.

Tradhisi utawa adat minangka tata tumindak bisa kaperang dadi patang tingkatan miturut Koentjaraningrat (1985:11) kanthi terjemahan ing ngisor iki: (1) Tingkat nilai budaya, yaiku arupa panemu kang awujud bab-bab sing luwihi aji ing panguripan bebrayan lan lumrahe gegayutane karo emosi lan jiwane manungsa (kayata gotong-royong), (2) Tingkat norma-norma, yaiku arupa nilai-nilai budaya kang ana gegayutane karo panyengkuyunge saben anggota bebrayan ing lingkungane kang diarani unggah-ungguh, ing antarane wong tuwa lan anak, guru lan murid, lan sapanunggalane, (3) Tingkatan ukum, yaiku arupa ukum kang lumaku ing bebrayan (kayata ukum adat palakrama lan ukum waris), lan (4) Tingkat aturan mligi, yaiku aturan tumrap tumindak kang winates ing bebrayan lan nduweni sipayat kongkret (kayata aturan sopan santun).

### Upacara

Tegese upacara miturut Purwadi (2009:126) yaiku sawijine kegiyatan kang nduweni ancas mengeti kedadeyan tartamtu kang wigati. Dene, upacara kang wigati tumrap bebrayan Jawa yaiku slametan (Koentjaraningrat, 1984:343).

Koentjaraningrat (1984:344) njlentrehake manawa slametan utawa wilujengan iku sawijine upacara baku utawa kang wigati ing saperangan gedhe ritual lan upacara sajrone sistem reliji wong Jawa lumrahe, sarta kang ngugemi agama Jawi.

Geertz (1989:38) ngandharake yen slametan kaperang dadi patang jinis, yaiku (1) kang watara krisis-krisis panguripan- klairan, khitanan, mantenan, lan layatan; (2) kang ana gandheng cenenge karo dina-dina agunge Islam- Maulud Nabi, Idul Fitri, Idul Adha, lan sapanunggalane; (3) kang ana gandheng cenenge karo *integrasi* sosial desa, bersih desa (harfiah ateges ngresiki desa, yaiku saka roh-roh kang nganggu); lan (4) slametan sela kang dianakake sajrone wektu kang ora ditetepake, gumantung marang kedadeyan kang ora lumrah kang ditemahi pawongan- budhale kanggo sawijine lelakon kang adoh, pindhah panggon, ganti jeneng, lelara, kena tenung, lan sapanunggalane.

### Fungsi Sastra

Kantri cara koheren, fungsi sastra lan sifate sastra ora bisa dipisahake (Wallek lan Warren, 1990:24). Fungsi sastra laras karo sipayat-sipate: saben barang utawa jinise barang nduweni fungsi paling trep lan *efisien* tumrap awake dhewe. Paedah sing kaping pindho bisa digayuh yen fungsi utamane wis entek. Sewalike, sipayat sawijine barang uga nglarasake marang fungsine. Ing saben reriptan sastra, mesthi ana saperangan bab kang ora nduweni fungsi, senajan tambahan iku bisa ditrima adhedhasar alasan liya.

Konsep Horace (sajrone Wellek lan Warren, 1990:26) ngenani *dulce* lan *utile* bakal menehi bantuwan akeh yen cakupane dirowakake, saengga njangkepi sawernane gaya lan cundhuk sajrone sastra. Saka segi paedah, sastra ora dumunung sajrone piwulang-piwulang morale. “Bermanfaat” teges rowane padha karo “ora mbuwang-mbuwang wektu”, ora mung “kegiatan iseng”, dadi, samubarang kang merlokake kawigaten kang serius. “Menghibur” padha karo “ora malehi”, “dudu kuwajiban”, lan “menehi kasenengan”.

Miturut Eliot (sajrone Wallek lan Warren, 1990:27), ora ana kategori kang nduweni nilai kang bisa diijolake karo kategori liyane. Ora ana sesulih kang padha persis. Ing prakteke, sastra bisa ngganteni lelakon menyang manca negara, utawa pengalaman langsung, lan sastra bisa digunakake sejarawan minangka dokumen sosial. Pungkasane, prelu disinggung ngenani konsepsi fungsi sastra kang misuwur kantri tetembungan “katarsis” (catharsis). Tetembungan iki asale saka basa Yunani kang dienggo dening Aristoteles sajrone karyane, *The Poetics* lan nduweni sejarah kang dawa. Apa

kang dimaksud dening Aristoteles ngenani tetembungan iku isih dadi prekara nganti saiki. Nanging sing prelu digatekake yaiku prekara kang tuwuhan saka panggunane tetembungan kasebut. Fungsi sastra, miturut para teoretikus yaiku kanggo mbebasake pamaos lan panulise saka tekanan emosi. Meng-ekspresikake emosi ateges ngeculake dhiri saka emosi. Kanggo ngadhepi tantangan lan tuntunan kanggo mbuktekake fungsi, kanthi ora langsung tulisan-tulisan nengenake segi paedah, dudu kenikmatan, lan kanthi mangkene gegayutan karo fungsi kang ana gandheng cenenge karo hubungan ekstrinsik utawa hubungan karo babagan sajabane sastra.

### Nilai

Nilai yaiku sawijining prinsip kanggo nimbang becik lan alane samubarang (Pramono dkk, 2005:90). Samubarang bisa diarani nduweni nilai nalika samubarang kasebut nduweni sifat penting, ana gunane, endah kang nyugihake batin, kang bisa nyadharake manungsa karo harkat lan martabate (Widayati dkk, 2008:85).

Nilai sosial yaiku nilai kang dianut dening sawijining masyarakat. Kanggo nemtokake samubarang samubarang kang dianggep becik utawa ala, pantes utawa ora pantes kudu nglawiwi proses nimbang. Kahanan iki kaprabawan dening kabudayan kang dianut dening masyarakat.

Nilai didaktis uga diarani nilai moral. Miturut Kenny (Nuryiantoro, 2009:321) moral sajrone crita bisa ditegesi ngenani sawijining pramayoga karo gegayutan karo ajaran-ajaran moral sajrone crita kanggo pamaos. Nilai didaktis mujudake solah bawane manungsa supaya dadi becik. nilai didaktis gegayutan karo panggulawenthah. Tujuwane nindakake panggulawenthah yaiku kanggo ndhidhik manungsa supaya bisa migunani tumrap masyarakat lan bisa ngangkat drajate bangsa. Panggulawenthah ora mligi formal ing sekolah-an sekolah-an, nanging ana sing informal utawa nonformal. Pendhidhikan informal bisa ditindakake ing ngendi-endi lan sawayah-wayah, kanthi cara langsung utawa nganggo perantara.

Nilai filsafat yaiku cundhuk tumrap rasa (rasa sejati) kang diprecaya sajrone kinandhut akal budi (Saryono, 2011:72). Miturut Sutrisno (Saryono, 2011:72), filsafat Jawa minangka filsafat timur panceh bakal nawakake dalam kanggo nggayuh tujuwan uripe manungsa: dalam keslametan dan kasampurnane manungsa, dudu njawab pitakon-pitakon teknologis sajrone masyarakat modern. Gegayutan karo babagan kasebut, filsafat Jawa ora amung ngrembug babagan kang bener, nanging uga ngrebug babagan kang pener. Sajrone budaya Jawa, bener lan pener mujudake kesatuan utuh kang ora bisa dipisahake. Kanthi mangkene, bisa diarani yen nilai Filsafat Jawa minangka nilai kang gegayutan karo kaikete tumrap bener lan penere samubarang kang dibutuhake dening manungsa Jawa kanggo nggayuh drajat keslametan lan kasampurnane urip sarta panguripan.

### Hermeneutik

Kanthy etimologis hermeneutik asale saka tembung *hermeneuein* (basa Yunani), kang ateges menehi penafsiran utawa menehi interpretasi. Karya sastra perlu ditafsirake jalaran nggunakake basa, amarga sajrone basa mau ana makna kang kasimpun utawa sengaja disimpun kanggo kepentingan tartamtu (Ratna, 2012:45). Metode hermeneutik trep digunakake lelandhesan kanggo nliti karya sastra, amarga mbuthuhake penafsiran supaya bisa mangerten i lan meruhi isi kang kinandhut sajrone karya sastra.

### Landhesane Teori

Adhedhasar tintingan kapustakan kasebut, kanggo nintingi tradhisi kraton sajrone serat *Narpawandawa Surakarta* nggunakake teori kang diandharake dening Koentjaraningrat (1985:5) ngenani pitung unsur universal. Sajrone serat kasebut ngandhut unsur-unsur kasebut, nanging kang bakal ditintingi babagan unsur ngenani sistem religi lan upacara keagamaan.

Kanggo ngrembug lan ngandharake perkara kang ana sajrone serat merlokake sawijine piranti. Piranti kang digunakake yaiku metode, dene metode kasebut yaiku metode hermeneutik. Karya sastra perlu ditafsirake jalaran nggunakake basa, amarga sajrone basa mau ana makna kang kasimpun utawa sengaja disimpun kanggo kepentingan tartamtu (Ratna, 2012:45).

### METODE

#### Ancangan Panliten

Sajrone panliten serat *Narpawandawa Surakarta*, panliti nggunakake metode panliten *deskriptif kualitatif*. Pangecakane panliten kualitatif sajrone panliten iki diwujudake sajrone pamacan kanthi hermeneutik. Gegayutan karo objek kasebut bakal ditintingi kanthi cara ilmiah lan objektif lumantar metode hermeneutik. Sajrone metode kasebut bakal nintingi sarta nganalisis tradhisi sajrone serat.

#### Sumber Data

Sumber data panliten iki yaiku serat *Narpawandawa Surakarta* minangka serat pribadi kang diduweni dening Bapak Agus Prasmono. Serat kasebut awujud teks cetakan taun 1929. Serat kasebut nggunakake aksara Jawa kanthi basa Jawa, wujude gancaran, cacahe 64 kaca.

#### Data

Cundhuk karo andharan sadurunge, mula data panliten ing kene yaiku sekabehane tembung, ukara, lan wacana sajrone serat *Narpawandawa Surakarta* mligine babagan kang mujudake anane tradhisi

sajrone kraton Surakarta. Tembung lan ukara kasebut dijilentrehake kanggo ngaweruh iku bab-bab tradhisi kang ana ing kraton.

### Instrumen

Sajrone panliten kualitatif, instrumen panlitene yaiku: (1) Serat Narpawandawa Surakarta, (2) Perangan saka isine serat arupa tembung, ukara, lan wacana kang gegayutan karo tradhisi lan nilai-nilai, (3) Spidol lan kertas kang digunakake kanggo nyatheti samubarang sajrone serat kang gegayutan karo perangan underaning panliten, lan (4) panliti dhewe utawa kanthi bantuwan wong liya minangka piranti kanggo ngumpulake data.

### Tata Cara Ngumpulake Data

Teknik pangumpule data serat *Narpawandawa Surakarta* nggunakake teknik dokumentasi utawa studi pustaka. Teknik pangumpulane data kanthi luwih gamblang dijilentrehake kaya mangkene: (1) Teknik transliterasi, (2) Teknik maca, supaya bisa mangerten data sauntara kango panyengkuyunge panliten sabanjure. Saka teknik kasebut bisa digunakake kango nemtokake underaning panliten, nemtokake tintingan kapustakan, lan metoe panliten sing trep digunakake kango panliten., 3) Sabanjure nganakake observasi nonpartisipan, nalika nemokake masyarakat ing sakupenge masyarakat nindakake urip bebrayan. Solah bawane masyarakat dianggep padha karo kahanan sajrone cerbung, banjur dicathet.

### Tata Cara Ngolah Data

Tata cara pangolahe data kang digunakake ing panliten iki yaiku kanthi metode deskriptif analisis. Analisis data sajrone panliten iki ditindakake lumantar sawenehe trap-trapan yaiku: (1) Maca lan mahami isi kang kinandhut sajrone serat *Narpawandawa Surakarta*, (2) Nglompokake data kang laras karo tintingan panliten yaiku nggoleki tradhisi kang kinandhut sajrone serat *Narpawandawa Surakarta*, (3) Negesi kanthi menehi pangira-ngira tumrap tradhisi kango tinemu sajrone serat *Narpawandawa Surakarta*, (4) Sabanjure diwaca maneh lan dicathet perangan kang gegayutan karo nilai-nilai, (5) Saben prnyataan kudu diandharake tegese luwih amba lan digayutake karo kahanan masyarakat kanthi nggunakake pamarekan Hermeneutik, lan (6) Nyimpulake asile analisis kang lelandhesan tumrap analisis kang ditindakake.

## ANDHARAN ASILE PANLITEN

### Idhentifikasi Naskah

Idhentifikasi naskah mujudake babagan kango wigati kango miwiti sajrone panliten iki. Perangan iki nduweni fungsi kango ngandharake kahanan serat kanthi apa anane. Serat kango bakal diandharake yaiku serat saka kapustakan pribadi kagungane Bapak Agus Prasmono. Serat kasebut ditulis nggunakake aksara Jawa kango awujud tembang 10 pada lan gancaran. Tata cara kango transliterasi

nggunakake pituduh saka buku kanthi irah-irahan "Wewaton Panulise Basa Jawa Nganggo Aksara Jawa" kang diandharake dening Padmoesoekotjo taun 1992. Cacahe kaca ana 64 kaca lan ana gambar-gambar kango ora diwenehi kaca. Kanggo luwih cethane bakal diandharake ing ngisor iki:

### Irah-irahane Serat

Serat kango dadi objek panliten iki klebu serat kang irah-irahane katulis kanthi cetha, amarga irah-irahane dumunung ing perangan ngarep utawa kena diarani manggala. Irah-irahane serat yaiku "Narpawandawa Surakarta". Cethane bisa dideleng saka gambar ing ngisor iki:



Asale saka tembung 'Narpa' basa kawi kang tegese ratu, tembung 'Wandawa' tegese sanak sedulur lan Surakarta iku jenenge kutha. Dadi, irah-irahane "Narpawandawa Surakarta" dipunjerake marang isine serat, yaiku ngenani sanak sedulure Ratu Surakarta, kedadeyan kang ditandhang, sarta wernane tradhisi kang ditindakake.

### Asmane Panulis

Panulis serat *Narpawandawa Surakarta* dituduhake kanthi gamblang ing perangan njerone serat, kaya pethikan ing ngisor iki:

dadossa upami buku pangenget-enget punika katindakkaken dening pangreh Narpa Wandawa piyambak, para pangreh kuwatoss bok manawi angeterraken pandamellannipun:

1. Bandara Kangjeng Pangeran Arya Surya Amijaya
2. Kangjeng Pangeran Arya Cakra Diningngrat
3. Raden Mas Arya Suryanningrat
4. Raden Tumenggung Sastra Wardana
5. Raden Ngabehi Purwa Sastra kadadossaken panitya supados amanah sarta nindakkaken wontennipun buku pangenget-enget punika. (Narpawandawa, 1929: 2)

Pethikan ing dhuwur kanthi cetha nuduhake menawa serat iki ditulis dening amonge narpawandawa dhewe. Asma-asmane panulis kanthi gamblang wis disebutake yaiku B.K.P.A. Surya Amijaya, K.P.A. Cakradiningrat, R.M.A. Suryaningerat, R.T. Sastra Wardana, lan R.Ng. Purwa Sastra. Sakabehane kango disebutake sajrone serat minangka panitiya anane serat kasebut, amarga anane serat kasebut minangka asile saka rembugan.

### Ukuran lan Kahanan Serat

Serat *Narpawandawa Surakarta* ditulis ing kertas polos warna soklat. Kejaba iku uga bakal

dijlentrehake kanthi rinci ngenani ukurane serat lan cacahé kaca ing tabel iki:

No	Bab	Andharan
1.	Dawane serat	27 cm
2.	Ambane serat	19 cm
3.	Kandele serat	0,5 cm
4.	Ukuran kertas saka ndhuwur sing ora katulisan	2,5 cm
5.	Ukuran kertas saka ngisor sing ora katulisan	2,5 cm
6.	Ukuran kertas saka kiwa sing ora katulisan	1,5 cm
7.	Ukuran kertas saka tengen sing ora katulisan	2,5 cm
8.	Cacahé gatra saben kaca	28 gatra
9.	Jarak saben gatra	0,5 cm
10.	Cacahé kaca	64 kaca

Tabel ing ndhuwur panjlentrehane ukurane serat kang awujud tulisan. Semono uga ukurane serat kang awujud gambar wis beda maneh, nanging saben-saben kaca kang awujud gambar nduweni ukuran kang beda-beda.

Kahanane serat *Narpawandawa Surakarta* iki senajan kalebu serat lawas, nanging kacane jangkep lan wutuh. Serat kang ditemokake karumat saengga isih cetha menawa diwaca. Serat kagolong isih apik amarga serat kasebut ora ana kaca kang ilang. Mung wae serat kasebut kertase rada getas lan gampang suwek. Dadi kudu ngati-ati anggone mbukak sakaca mbaka sakaca. Aksara kang digunakake awujud aksara Jawa, lan dicetak nggunakake mangsi warna ireng.

### Wektu Panulisane Serat

Miturut Saputra (2008:37), wektu panulisane serat bisa diweruhi saka piranti kang digunakake kanggo nulis, kolofon, gaya aksara lan ejaan. Wektu panulisane serat *Narpawandawa Surakarta* dumunung ing samak. Ing samak diandharake kaya mangkene:

Urgan punika wedallipun pamahargyan tingallan dalem wiyyossan tumbuk 64 taun Marengngi ing dinten Kemis Legi tanggal kaping 21 Rejeb Alip 1859 utawi kaping 3 Januari 1929. (*Narpawandawa*, 1929:kaca sampul)

Pethikan ing ndhuwur nuduhake menawa serat *Narpawandawa Surakarta* wiwit ditulis nalika pengetan ambal warsane Paku Buwana X kaping 64. Mbarengi dina Kemis Legi tanggal 21 Rejeb taun Alif 1859 kang nuduhake kalender Jawa utawa tanggal 3 Januari taun 1929 Masehi serat kasebut kasusun. Panulise serat kasebut mujudake jaman Kesunanan Paku Buwana X.

### Wujud lan Isine Serat

Serat *Narpawandawa Surakarta* iki katulis sajrone wujud tembang lan gancaran. Kang wujude tembang ana sapupuh kasusun saka 10 pada. Serat kasebut dumadi saka 64 kaca. Saka 64 kaca kang dumunung sajroning serat kasebut kaperang dadi 12 bab. Saka 12 bab iku antarane liya, yaiku sekar Sri Nata 10 pada, aturipun para panitya, nitik dalem,

sekar wijaya kusuma, hajad dalem wilujengan nagari, bab wilujengan awarni gunungan, pulisi, bab pulisi, bab undhakan blanja, bab pangadilan, aben-aben lan rampog sima, sarta bab pamulangan.

### Tradhisi Kraton

#### Tradhisi Mahesa Lawung

Upacara Mahesa Lawung minangka panyampurnane saka upacara Hindu Raja Wendha, yaiku sawijine upacara kang dianakake dening pawongan ing saben wiwitane taun. Upacara Raja Wendha dilakoni kanthi tujuwan ngalap barokah dewa kanggo keslametane negara lan pendhudhuke. Ing sawijine wektu wilayah krajan nemahi sawijine musibah yaiku wabah penyakit kang nyebabake rusak lan resahe sakabehe nagara. Kanggo ngilangi wabah kasebut, Raja ngaturake supaya rakyate ngresiki samubarange kanthi tliti. Reresik iku uga menyang plosok desa. Asile wabah kasebut bisa ilang. Saka kedadeyan iki asale upacara bersih desa. Asal usule bisa diawas saka pethikan serat ing ngisor iki:

Kacariyos ing nalika Ramannipun Sang Prabu Sitawaka ing nagari Gilingngaya. Kataman rubeda warni-warni sasakit reresah sasaminipun andadossaken boten tentremming praja satalatahhipun. Amarengngi taun condra sangkala 387 tinengerran pujaning brahma guna, awit saking kaparengngipun Sri Prabu Sitawaka, Brahma Raddhi ing ngandong dhadhappan, kadhwahahan numballi nagari satalatahhipun. Brahma Raddhi matur sandika lajeng nindakkaken tumbal sarat sarananipun nagari miyah ing dhusun. Para kawula saben wiwittannipun kinéne bebarikkan amumulya kawastannan **Grama Wendha**, tegessipun wilujengngan baresih dhusun, kasarengngaken wilujengngan nagari **Raja Wendha**, boten dangu sasakit lajeng sirep, reresah lerep, amimbuhhi tata trem harjaning praja satalatahhipun sadaya, gemah ripah tulus ingkang sarwa tinanem, inggih punika purwanipun para kawula ing dhusun sammi nindakkaken wilujengngan baresih dhusun, lastari ngantos dumugi samangke punika. (*Narpawandawa*, 1929:26)

Sajrone pethikan kasebut ngandharake nalika taun 387 taun Saka, Raja Sitawaka saka Gilingaya ketaman rubeda warna-warni kang ndadekake prajane ora trem. Kanggo ngilangi rubeda kasebut, Sri Prabu Sitawaka ngutus Brahma Radi supaya mrentah warga dhusun ing nagari kasebut nganakake upacara ing wiwitane taun. Para warga banjur manut miturut marang dhawuhe Raja banjur dianakake upacara ing wiwitane taun kang karan **Grama Wendha**. Tegese **Grama Wendha** yaiku slametan bersih dhusun mbarengi slametan nagari **Raja Wendha**. Sawise dianakake upacara kasebut, ora suwe gerane raja bisa sirep, sakehing rubeda bisa dilangi. Bab iku sabanjure nyebabake nagari kasebut dadi nagari kang trem, sakabehing apa

kang ditandur urip kanthi subur. Iki kang dadi purwane dianakake upacara bersih desa.

Sabanjure, dicitrakake nalika Raja Sri Prabu Aji Pamasa saka Pengging kang ditekani mungsu para buta saka nagri Ngima-imantaka. Raja mau ora bisa ngasorake buta kasebut amarga saka akehe. Sri Prabu Aji Pamasa banjur mrentah Raja Gandarwo supaya njaluk pitulungan marang Bathari Kalayuwati ing Krendha Wahana. Bathari Kalayuwati ora kersa menehi pitulungan amarga sasuwene pirang-pirang taun Raja Sri Prabu Aji Pamasa jumeneng nata ing Pengging, raja kasebut ora tau ngaturake kebo marang Setra Sondamayu. Kanggo minangkani panyuwune Bathari Kalayuwati, Prabu Aji Pamasa banjur nyiapake kebo sapirantine kanggo nganakake upacara.

Sawise upacara kanggo minangkani panyuwune Bathari Kalayuwati dileksanani, Bathari Kalayuwati kersa aweh pitulungan marang Sang Prabu kanggo ngawonake buta kang ngganggu negarane. Wekasane negara kasebut dadi negara ayem tentrem tanpa ana sing ngganggu. Kaya kang diandharake sajrone serat:

Kacariyos nalika ramannipun Panjenengnan Nata Sri Prabu Aji Pamasa ingkang ngadhaton nagari Pengging kadhatengngan mengsa danawa saking ngima-imantaka...(Narpawandawa, 1929:26)

... Gandarwo Raja Karawu lajeng kautus dhateng krendha wahana matur dhateng Bathari Kalayuwati saprelunipun kautus, pangandikanipun Dewi Kalyuwati,*o. Sangsama Patisuta. Sun aranni kabesturon, Kaki Prabu katungkul ulah kawaryan, wus pirang taun lawasse jumenengnge aneng Pengging durung tau tetawurran kebo siji marang Setra Sondamayu, dene teka jaluk bantu...*(Narpawandawa, 1929:26-27)

... Sri Prabu Aji Pamasa kagyat engetting panggalih lajeng nimballi patih Tambak Baya dhinawuhhan mirantos mahesa lawung saetangnging Panjenengngan dalah saabon-abonnipun. Sasampunning samekta sadaya pirantossipun tetawurran, kadhawuhhan ngangkattaken dhateng ing krendha wahana ingkang kapatah lumampah wadya tuwa buru sadaya, enggallipun sampun tinarimah, kaparingngan babantuwdya ditya sacekappipun. Wiwit punika wilujengngan Raja Wendha aran wilujengngan mahesa lawung, kabekta saking namanipun mahesa wanana, ingkang run-tumurun umbarran wonten ing wana boten purun kaalap damellipun dening manusa, mahesa makaten punika kawastannan mahesa lawung. (Narpawandawa, 1929:27)

Kedadeyan iki kang dadi mula bukane anane upacara tetawuran kebo kang banjur diarani Mahesa Lawung. Mahesa lawung nduweni teges yaiku kebo kang ora dimegawekake. Dadi kebo kang didadekake tumbal kanggo upacara kasebut arupa

kebo sing ora dikerjakne, kebo umbaran ing alas. Upacara kasebut uga diterusake ing Demak, Kartasura, lan Surakarta.

Satus dina sawise Susuhunan Paku Buwana pindhang kadhaton saka Kartasura tumuju menyang nagari Surakarta, piyambake nduweni karep kanggo ngleksanakake upacara Mahesa Lawung. Upacara Mahesa Lawung wekasane dileksanakake ing wulan Rabingulakir. Luwi cethane bisa diawas ing pethikan:

Amarengngi ing dinten Rebo Wage tanggal kaping 18, wulan Sura taun Je Ongka 1170, Sampeyan dalem ingkang Sinuhun Kangjeng Susuhunnan Paku Buwana kaping II pindhang saking Kartasura ngadhaton ing nagari Surakarta adiningngrat, dumugining satus dinten ing dinten Kemis Legi tanggal kaping 26, wulan Rabingulakir taun Je, lestari wilujeng boten wonten satunggal punapa. Kaparengnging karsa dalem wiyyossing hajad dalem Mahesa Lawung kapindhang wonten ing wulan Rabingulakir kadhwahhhaken dinten pasowannan ingkang pungkassan, lastari dumugi sapunika. (Narpawandawa, 1929:28)

Sawernane sesaji disiapake kanggo nggiyarake upacara kasebut. Sadurunge, ana sawijine pawongan kang didhapuk kanggo golek kewan buron kang awujud mahesa. Dene titikane mahesa kasebut yaiku mahesa lanang kang isih mulus lan ora nduweni cacat. Sesaji kaperang dadi 2 wadhah. Sawadhang kang dibakar tanpa bumbu, kang sawadhang maneh diolah kanggo hajad.

Prosesi upacara ditandhani kanthi metune sawernane sesaji. Sesaji kang bakal dilabuhake kasebut didelehake ing Sitinggil lan dikupengi dening para papatih dalem lan abdi dalem. Papatih banjur nyeluk Abdi Dalem Bupati Anom juru sura nata kanggo ndonganiadicara kasebut. Dongane Arab Jawi Budha. Sawise didongani, getih kebo lan sapirantine upacara mau banjur dilabuh menyang telenging Krendha Wahana (Setra Gondhamayu). Para abdi dalem mau sabanjure padha mangamangan saka panganane kang digawa dhewe-dhewe kang awujud ancak. Mung wae, saiki wis ora perlu abdi dalem mau nggawa panganan dhewe, amarga wis disiapake dening pihak kraton nanging wis ora wujud ancak maneh.

Sakabehe panganan kang disuguhake minangka pawujudan syukur marang Gusti. Donga sajrone upacara mau katujokake marang Pangeran supaya didohake saka bebaya, amarga sakabehe titah apa kang ana ing ndonya iki diatur dening Pangeran. Mula, manungsa kudu nyembah lan nyuwun amung marang Pangeran. Panyuwunan ora mung awujud donga wae, nanging uga ana saranane. Saranane yaiku kebo lawung. Panganggone kebo lawung ing kene minangka gegambaran kanggo ngilangake sipat-sipat ‘kebo’ sajrone atine manungsa lan mendhem sajeru-jerune. Kebo minangka gegambarane sipat-sipat alane manungsa kaya sipat

bodho, sipat lumuh, lan sipat ora ngreken marang lingkungan sakupenge.

### Tradhisi Grebeg

Istilah grebeg tansah digayutake karo kedadeyan nalika raja sajrone busana kampuhan miyos saka kedhaton tumuju menyang Sitinggil. Raja ginarebeg tegese raja diiringi dening atusan pawongan kang kasusun saka abdi dalem, prajurit, para putra, kerabat lan kerabate raja, sarta para tamu undhangan, saengga swara prosesi kasebut sora. Sakabehe tamu sing rawuh sajrone upacara kasebut nggunakake ageman kaagungan. Gegayutan karo babagan iki, menawa upacara dilakoni kanthi gedhen-gedhen, bisa diarani menawa ageman kang digunakake yaiku grebegan (Soeratman, 1989: 139).

Miturut tradhisi, karton Surakarta lan Ngayogyakarta sajrone setaun nindakake upacara kaping telu kang gegayutan karo agama Islam, kang diarani grebeg. Ing antarane yaiku Grebeg Mulud, Grebeg Syawal, lan Grebeg Besar (Soeratman, 1989:139). Laras karo andharane Wiyonodipuro (1986:85), mungguh ing nagari Surakarta sarta Ngayogyakarta saben taun ana grebeg kaping telu, yaiku tiba saben tanggal 1 wulan Syawal, tang 10 wulan Besar sarta tanggal 12 wulan Mulud. Grebeg mulud dipengeti kanthi cara gedhen-gedhen, luwih-luwih menawa tumiba ing taun Dal. Kaya pethikan ing ngisor iki:

Karaton dalem ing Surakarta, punika saben sataun kaping tiga, mawi mumule wilujengngan awarni gunungngan, anyarengngi wiyos dalem bakda gareb mulud, siyam, sarta besar...(Narpawandawa, 1929:31)

Lumakune sakabehe grebeg kang dianakake kaping telu saben taune padha wae. Saka sesaji, upacara lan piranti-pirantine. Kaya kang lumaku ing jaman paprentahane raja-raja sadurunge, cara ngatur palungguhan ing Sitinggil ing jaman paprentahane Paku Buwana X yaiku kaya mangkene. Sinuhun lenggah ing bangsal Manguntur lan deretan kursi kang disiapake kanggo putra walikota lan para panggedhe-panggedhe liyane. Lumakune upacara kasebut saka kamandhungan tumuju menyang Sitinggil. Lumakune upacara kasebut kairing dening sakabehe kang rawuh lan swarane gamelan Monggang mujudake tandha supaya gunungan wiwit dilakokake. Satekane ing Sitinggil, pinarak ing Bangsal lungguh ing dampar. Hajad dalem lumaku ngalor menyang alun-alun. Teka sakidule Waringin Kurung banjur menggok mangulon, terus mlebu ing mesjid agung. Para abdi dalem kang ngiringake padha manut iramaning gendhing monggang kasebut. Bisa dideleng ing pethikan ngisor iki:

...sahandhap sampeyan dalem ingkang wicaksana ingkang Sinuhun Kangjeng Susuhunnan miyos ing sitinggil. Lenggah wonten ing bangsal manguntur tangkil, kaliyan ingkang bapa Kangjeng Tuwan guprenur, sarta tuwan-tuwan Amtenar Militer sapanunggillannipun, saha Kangjeng Gusti Pangeran Adipati Arya Mangkunagara, tuwin para pangageng jawi

sannes sannessipun. Salebettipun lenggah dalem wau, lajeng katungka wiyyossipun hajad dalem gununggan, mawi kajajarran abdi dalem, gedhong kiwa tengen kalang, gladhag, sarta pangreh praja. (Narpawandawa, 1929:31)

Lampahhipun saking kamandhungngan, anglangkungngi sitinggil, medal sakilen bangsal palenggahan dalem, lajeng mangaler mandhap dhumateng ngalun-alun, sakidul wringin kurung menggok mangilen, lajeng dhateng masjid ageng, abdi dalem ingkang sami anyajarri wau lampahhipun nalika wonten ing sitinggil, mawi andhadhap, manut iramaning gendhing monggang. (Narpawandawa, 1929:31)

Sawise pengetan Grebeg, upacara slametan ngetokake gunungan saka kraton. Gunungan kasebut digawe pirang-pirang dina sadurunge pengetan grebeg. Gunungan kasebut ditokake saka kraton menyang mesjid agung. Raja ngetokake gunungan nalika pengetan grebeg, yaiku gunungan jaler lan gunungan estri minangka simbol pasangan priya lan wanita, sarta anakan gunungan. Laras karo pethikan ing ngisor iki:

Mumule wilujengngan saben garebeg punika warni gunungngan jaler, sarta gunungngan estri, saha kalih anakan gunungngan, utawi dipun wastanni anyacak saraddan. (Narpawandawa, 1929:31)

Sajrone kutipan kasebut ngandharake menawa saben nganakake upacara grebeg ngetokake gunungan minangka sesaji. Gunungan kasebut yaiku Gunungan Jaler lan Gunungan Estri, sarta Anakan Gunungan. Anakan gunungan kasebut bisa uga diarani Ancak Saradan. Sesaji kasebut minangka syarat sarana kanggo miranteni upacara kasebut.

Mungguh menawa arep miwiti sakabehe panggaweyane gunungan kasebut ing ndhuwur uga mawa sesajan. Sawernane sajen wis ditemtokake. Laras karo pethikan ngisor iki:

...manawi badhe miwitti nyambut damel, adang wajik sarta rengginang mawi sajen, warni jajan peken, sekar setaman, menyam, lajeng menyan wau kacemplungaken ing latu pawon, jajan peken sasampunning kasajekkaken, lajeng katedha ingkang sami nyambut damel ing ngriku. Manawi badhe numplak wajik, ugi mawi sajen, warni sekul golong pecel pitik jangan menir, sekul asalhan, jajan peken, jenang abrit, jenang baro-baro, sekar setaman, sekar boreh, jungkat, suri, kaca, lisah sundhul langit, letrek. (Narpawandawa, 1929:33)

Pethikan ing dhuwur nuduhake saben-saben tumindak kudu mawa sesajan. Nalika adang wajik lan rengginang nggunakake sesajan kang arupa jajan pasar, kembang setaman, lan menyan. Jajan pasar kasebut sawise disajekake banjur dipangan wong kang padha nyambut gawe ing kana, dene menyane

dicemplunake menyang latu pawonan. Sabanjure nalika arep numplek wajik uga nggunakake sesajen kang arupa sega golong, pecel pitik, jangan menis, sega asahan, jajan pasar, jenang abang, jenang barobaro, kembang setaman, kembang boreh, jungkat, suri, lenga sundhul langit, lan letrek.

Wajik kang ditumplek lan diwadhahi bedhawangan, banjur dipyur-pyuri kembang setaman ing ndhuwure diwur-wuri kembang boreh diblebet karo debog garing ditutupi jarit cindhe. Sesajen kasebut banjur dikupengake marang wong kang padha nyambut gawe ing kana kanggo kenduren sarta didongani. Kanggo miwiti nata pucuke gunungan jaler uga nggunakake sajen arupa kinang saabone, gedhang ayu satangkep, lenga sundhul langit, suri, kaca, kembang boreh, letrek, tindhuh suwang saprapat. Dadi, saka andharan kasebut bisa didudut menawa sakabehe panggaweyan kudu nggunakake sesajen kang beda-beda.

### Tradhisi Rampog Macan

Ana sawijine tradhisi Jawa kuna kang saiki wis asing ing talingane kita. Tradhisi kasebut diarani ‘rampogan macan’. Rampogan iku asale saka tembung ‘rampog’ kang ditegesi minangka ‘rayahan’ utawa ‘rebutan’. Rampogan macan yaiku sawijine upacara kang nduweni tujuan kanggo ngedu macan karo kebo kang sabanjure macan diudani senjata dening para abdi dalem kang cacahe akeh banget nganti mati (Soeratman, 1989: 161).

Tetandhingan iki ngandhut unsur simbolik menawa macan minangka pralambange wong Walanda lan kebo minangka wong Jawa. Tradhisi kasebut ora mujudake tradhisi rakyat, kejaba tradhisi para ningrat mligine para raja. Amarga pagelarane tradhisi kasebut merlokake sawernane sarana kang ora murah lan gampang. Dudu samubarang kang nggumunake menawa pagelarane ditindakake kanthi gedhen-gedhen.

...wiwittipun wonten aben-aben saha rampoggan sima punika kala taun jawi 1623, jumeneng dalem ingkang Sinuhun Prabu Mangkuratjagad ing nagari Kartasura. (Narpawandawa, 1929:54)

Pethikan ing ndhuwur bisa diweruhi menawa mula bukane dianakake Rampogan macan nalika taun 1623 utawa watara abad kaping-17 ing jaman paprentahane Sinuwun Mangkuratjagad ing Kartasura. Adicara kasebut ditindakake ing alun-alun sisih Lor kang biasane digunakake kanggo nyambut tamu agung. Tamu agung ang dimaksud yaiku para penggedhe saka penjajah Walanda kayata Gubernur Jenderal. Mula bukane kang diadu sajrone rampogan macan yaiku macan lan kebo utawa bantheng. Kanggo nganakake upacara kasebut ora bisa nggunakake macan kang sembarang. Pilihan macan kang diadu iku kudu milih macan kang ala sipate, kaya kasebut ing pethikan iki:

... pilihannipun sima ingkang dipunaben punika kedah milih sima ingkang rahinipun kepu, badannipun celak, buntittipun

dhempok, ules abrit, lerekkipun canthellan boten turut, gandanipun amis sarta bacin, sima makaten punika nama sima bekasakan, manahhipun awon, watekkipun galak.... (Narpawandawa, 1929:54)

Macan kang disebutake ing pethikan iku diarani macan bekasakan. Atine ala saengga watake uga galak. Macan kasebut banjur digiring lan sengaja diopeni ing kandhang macan. Bengine ing kandhang macan dijaga dening Mantri onder distrik. Macan kasebut minangka asil buron kang bakale digelarake sajroneadicara rampogan macan.

Panggonan tetandhingan diubungi Para prajurit jangkep kanthi ageman kampuhan sarta tombak kang dawa kanthi mujudake barisan jejer-jejer kang rapet saka sisih lor nganti sisih kidul. Sabanjure menehi pakurmatan kanthi madhep mangulon lan ngalore uga jejer rapet. Lakune manut gendhing kang diungelake. Gendhing kasebut yaiku gendhing Kodhok ngorek. Tumuju mangulon telung jangkah banjur mudhun satekane ngarepe barisan kang sisih lor. Bisa dideleng saka pethikan ing ngisor iki:

Sarampunging panatanipun grobog, abdi dalem gandhek lajeng inggil tarap wonten salering grobog jejer nyakawan, urut mangilen majeng mangidul, nyembah sapiyan ngadeg majeng mangilen sarta ngaleripun ugi jejer nyakawan, mlampah oklak alus manut iramaning gongsa kodhok ngorek, mangilen tigang tindak lajeng mandhapan dumugi ngajeng pabarisan kabupaten bumi kapering ler (Narpawandawa, 1929:57)

sapedallipun sima saking grobog, ingkang nyepeng tangsulling kori bethek nmenawadhal angideppaken, kori grobog katutup, sodhog kaundurraken, ingkang ngepang pangabennan manawi singa katingal talendho tandangngipun kauthik ngangge tossan gilig utawi deling apus, punapa malih manawi sima katingal sayah sarta kasattan, ingkang wonten nginggil lajeng anggrujuk toya sarta ngangkah ngombenni. (Narpawandawa, 1929:56)

Kadhang kala sawise kandhang dibuka, macan bakal ngamuk lan mlebu ing arena tetandhingan. Ana uga macan kang lumuh-lumuh utawa nggumun amarga cahya kang nyulapake lan akehe manungsa. Gegayutan babagan kasebut, mula para prajurit padha mangangge bakdan kanggo ngeden-edeni karo geni, coblosan tombak lan sawernane cara supaya macan kasebut bisa ngamuk. Semana uga kebo kang digiring menyang alun-alun, supaya bisa ngamuk biasane diwenehi banyu campuran lombok rawit supaya awake panas lan ngamuk. Laras karo pethikan ing ngisor iki:

Enyjingngipun wanyci jam 6 para abdi dalem kalang sampun sami sowan malih pangangge bakdan, anyjurug ing panggennan pangabennan wau, mirantos kemadhu saha lombok jemprit kadheplok kaliyan toya, kawadhhahan pangaron mawi

semprot, manawi sampun badhe wanycinipun kaaben pirantos wau dipun trappaken, mahesa lajeng nepsu wadana tuwu kapurunnannipun. (Narpawandawa, 1929:61)

Semono uga nasibe macan sing tarung lawan bantheng ing pagrogolan. Amrih luwih regenge tontonan, kewan-kewan alasan mau sengaja diganggu dimen muring. Kanthi nyubblesake wesi dawa kang mengangah pucuke, si macan dadi wuru. Dene banthenge digepyok nganggo gegodhongan sing bisa nggatelake kulit. Utawa disiram banyu lombok jemprit. Kekarone dadi kaya edan. Lagi leren menawa salah sijine mati.

### Tradhisi liyane ing Kraton Surakarta

#### Tradhisi Mitoni

Mitoni iku asale saka tembung pitu. Upacara adat iki dianakake wektu calon ibu nggarbini utawa meteng 7 sasi. Ancase kango keslametan calon bayi lan ibune utawa kango sing sipate tolak bala. Ing dhaerah tartamtu, upacara iki uga diarani tingkeban. Makna Jabang bayi umur 7 sasi iku wis nduwe raga sing sampurna. Dadi miturut pangertene wong Jawa, wetengan umur 7 sasi iki proses pangriptane manungsa iku wis nyata lan sampurna ing sasi kaping 7 (Bratawidjaja, 1993:21).

Andharan ngenani tradhisi mitoni minangka tradhisi kang katindakake ing Kraton bisa diwawas sajroning serat kayata:

....sareng pambobot dalem Kangjeng Ratu Paku Buwana angsal nem wulan wilujenggan anggangsali takir ponthang sapanunggillannipun.Mekaten malih sadumigining wolung wulan inggih mawi wilujenggan malih amitonni, (Narpawandawa, 1929:10)

Pethikan ing ndhuwur nuduhake tradhisi sing dianut dening Kanjeng Ratu Paku Buwana. Tradhisi kasebut arupa upacara slametan sing ditindakake kaping pindho. Upacara slametan sing sepisan ditindakake nalika kandutane umur nem wulan sing iarani anggangsali. Ing upacara slametan anggangsali kasebut, ubarampe sing dibutuhake, yaiku takir ponthang. Takir ponthang mujudake takir sing digawe saka janur utawa takir kasebut dikupungi janur ing sisih kiwa lan tengene. Takir ponthang kasebut minangka sarana lan syarat kango nganakake upacara kasebut.

#### Tradhisi Tedhak Siti

Tedhak siten utawa tedhak siti iku salah siji upacara adat jawa kango bocah umur 7 wulan utawa 6 lapan. Tedhak siten iku asale saka tembung tedhak. Idhak utawa mudhun lan siten (saka tembung siti) utawa lemah (bumi). Upacara iki kango pralambang bocah sing siap-siap nglakoni urip lumantar tuntunane wong tuwa lan dianakake yen umure bocah wis 7 lapan utawa 245 dina (7x32=245) (Utomo, 2005:21).

Dumuginipun yuswa tetep nem lapan, amarengngi ing dinten Kemis Legi tanggal kaping 24 wulan Sapar tau Ehe 1796 utawi

kaping 27 Juni 1867 risang raja putra tedhak siti ing karaton mawi pasamuwan. (Narpawandawa, 1929:11)

Pethikan kasebut nuduhake menawa kraton Surakarta isih nindakake tradhisi tedhak siti. Tradhisi kasebut ditindakake nalika Pangeran Adipati Anom umur nem lapan. Namung ing serat kasebut ora njlentrehake kaya ngapa tata rakite lan ubarampe apa wae kang digunakake. Sajrone pethikan kasebut dijlentrehake menawa pengetan tedhak siti kasebut katetepake dina Kemis Legi tanggal 24 Sapar 1796 taun Ehe utawa 27 Juni 1867.

#### Tradhisi Supitan

Supitan yaiku tetakan, sunatan utawa khitanan (Utomo, 2005:26). Riwayat kang paling kuat nuduhake yen khitan sapisan ditindakake dening Nabi Ibrahim AS, mligine tumrapre khitan kang sabanjure uga ditindakake dening masyarakat Jawa, katitik saka pethikan ing ngisor iki:

....sareng andungkap yuswa nembelas taun, marengngi ing dinten Anggara Kasih tanggal kaping 7 wulan Mukaram taun Alip, ongka 1811 utawi kaping 29 Nopember, ongka 1881 kaparengnging karsa dalem Sampeyan dalem ingkang Sinuhun Kangjeng Susuhunnan, ingkang kaping IX putra dalem Sampeyan dalem Kangjeng Gusti Pangeran Adipati Anom, kasupittaken...(Narpawandawa, 1929:12)

Pethikan ing ndhuwur nuduhake menawa Kraton Surakarta nindakake tradhisi supitan. Tradhisi kasebut dianakake nalika umure Adipati Anom nembelas taun. Nalika iku mbarengi dina Anggara Kasih utawa bisa uga diarani Selasa Kliwon. Ngepasi ing tanggal 7 Muharram 1811 utawa 29 Nopember 1881.

#### Tradhisi Mantenan

Tradhisi mantenan iku sawijiningadicara ing ngendi sawijining pasangan iku janji bakal manunggal. Tradhisi kasebut uga salah sawijining paahargyan kang akeh ditindakake dening masyarakat Jawa, mligine masyarakat Kraton. Andharan ngenani Tradhisi Mantenan bisa kawwas saka pethikan ing ngisor iki:

Enggallipun ing dinten Senen Legi tanggal kaping 16 wulan Rejeb taun Jinmakir 1794 utawi kaping 4 Desember 1865, Sampeyan dalem ingkang Sinuhun Kangjeng Susuhunnan ingkang kaping IX kalampahan dhaup kaliyan Bandara Raden Ajeng Kustiyah mawi pasamuwan ageng wonten salebetting kadhaton, kados adat Panyjenengan dalem Natakrama, mawi makajangngan sasaminipun.. (Narpawandawa, 1929:9)

Sajrone pethikan kasebut nuduhake yen ing Kraton nindakake tradhisi dhaup mantan. Tradhisi kasebut katindakake nalika Paku Buwana IX palakrama karo B.R.A. Kustiyah. Tradhisi kasebut tiba ing dina Senin tanggal 16 Rejeb 1794 utawa 4 Desember 1865. Lumakune tradhisi kasebut mawa pasamuwan agung, padatane pasamuwan iki ditekani dening tamu saka sajabane lingkungan Kraton. Tata

rakit lan pirantine sajroning tradhisi kasebut ora djlentrehake kanthi gamblang.

## Nilai

### Nilai Sosial

Sawijining perangan kang wigati saka kabudayan utawa sawijining masarakat yaiku nilai sosial. Sawijining tindak-tanduk dianggеп sah utawa ditrima, yen tindak-tanduk kasebut harmonis laras karo nilai-nilai kang disepakati lan dijunjung dhuwur dening masyarakat tartamtu.

### Gotong royong

Andharan kang gegayutan gotong royong yaiku ngenani panggarapane gunungan nalika mahargya grebeg. Nalika gawe gunungan warga padha kumpul bebarengan. Tumindak iku nuduhake anane gotong royong ing antarane warga siji lan sijine.

### Ngilangi kesenjangan sosial

Tradhisi kasebut minangka sarana kanggo ngilangi kesenjangan sosial. Tegese ora ana bedabedane antarane wong sugih lan wong mlarat. Kanggo nganakake tradhisi kasebut ora ndeleng sing nganakake saka kalangan asor utawa saka kalangan dhuwur. Ing ngarsane Gusti kabeh nduweni drajat kang padha.

### Nilai Didaktis

Serat mujudake sawijining reriptan sastra kang urip lan ngrembaka kanthi carane dhewe. Serat iki uga nduweni nilai-nilai didaktis kepriye samesthine manungsa nglakoni panguripan ing ndonya supaya slamet ing ndoya lan ing akhirat. Nilai-nilai didaktis kang kinandhut sajrone Serat *Narpawandawa Surakarta* kaya ing ngisor iki:

### Rasa kurmat

Tuladhané saka rasa kurmat yaiku ngregani siji karo liyane nalika ing masyarakat kudu ngayomi sing tuwa lan sing enom, sing enom ngayomi sing cilik lan sateruse. Tuladha liyane yaiku tumindak Abdi Dalem marang Kanjeng Gusti nalika arep nganakake upacara. Bisa ideleng saka pethikan ing ngisor iki:

...angsal gangsal tindak lajeng andhadhap, dumugi salerripun abdi dalem kaparak ingkang sowan ngarsa dalem ler piyambak, inggih nyembah kaping tiga,

Kutipan ing ndhuwur nuduhake yen abdi iku kudu menehi pakurmatan tumrap atasane. Nyembah ing kene ateges menehi pakurmatan tumrap Raja sadurunge nganakake upacara. Tumindak iku menehi piwulang tumrap awake kabeh supaya bisa nuladha apa kang ana ing andharan. Minangka murid kudu kurmat marang gurune, minangka warga kudu kurmat karo pamrintah, lan sapanunggalane.

### Njaga kesehatan

Gegayutan karo andharan ing ndhuwur bisa dideleng saka anane upacara tradhisi supitan. Tradhisi kasebut dianake kanggo njaga kesehatan. Sajrone tradhisi kasebut menehi piwulang yen njaga kesehatan iku minangka perangan kang wigati banget. Kanthi mbuwang kulite planangan kasebut bisa ngurangi virus, bakteri, sarta jamur mampir ing badan.

## Dermawan

Gegayutan karo kadermawaninan ing ndhuwur, sajrone serat *Narpawandawa Surakarta* iki uga menehi piwulang tumrap saben-saben wong, mligine masyarakat kang ana sakupenge kraton Surakarta. Bisa dideleng sajrone pethikan ing ngisor iki:

samargi-margi mawi nindakkaken sadhekah tatawur wujud arta. Salangkungnipun saking kitha Bayalali, tumindak lampahhipun saben dinten wiwit watawis jam 6 enyjing bidhal, dumugi jam 6 sonten lerem.

Pethikan mau nuduhake nalika nindakake jejibahan kang kudu ngliwati lelakon kang suwi, ing ngendi wae masyarakat kasebut nindakake sedhekah marang wong kang mbuthuhake utawa sedhekah menyang mesjid-mesjid. Tumindak kasebut nuduhake yen masyarakat iku nduweni sipat dermawan kang patut katuladha. Sabisa-bisane menehi wong kang luwih mbuthuhake, yen ora bisa menehi aja nampik kanthi kasar, nanging njaluk pangapura amarga durung bisa mbantu.

### Nilai Filsafat

Saben pawongan ora padha pamawas uripe, malah saben-saben klompok, golongan sajrone masyarakat uga ora padha pamawas uripe. Pamawas urip iku kang digunakake minangka sarana nggayuh pepenginane lan ana uga kang nggunakake minangka penyebab kesejahteraan, katentreman lan sapanunggalane.

### Wujud Syukur

Wujud syukur katitik saka metune gunungan nalika mahargya tradhisi Grebeg, kaya ing ngisor iki:

lajeng katungka wiyossipun hajad dalem gununggan, mawi kajajarran abdi dalem, gedhong kiwa tengen kalang, gladhag, sarta pangreh praja, lampahhipun saking kamandhungangan, anglangkungni sitinggil, medal sakilen bangsal palenggahan dalem, lajeng mangaler mandhap dhumateng ngalun-alun, sakidul wringin kurung menggok mangilen, lajeng dhateng masjid ageng,

Pethikan kasebut ing ndhuwur nuduhake yen metune gunungan minangka wujud syukure pamrintah marang wargane. Sadurunge diwenehake warga gunungan kasebut dikirab saka Kamandhungan menyang Sitinggil. Samubarang bisa kagayuh kanthi pitulungane para warga lan Gusti Allah kang Utama. Supaya rejeki kang ditampa bakale luwih menehi barokah lan paedah.

### Golek keslametan

Minangka mkhlik kang lemah, sajrone pamawas kita pancen akeh bab-bab kang ora klebu akale manungsa lumrahe kang bisa dumadi. Ora ana salahé yen kudu golek keslametan supaya apa kang ditindakake tansah pikantuk pangayonman, amarga mesthi ana faktor liya kang wigati lan luput saka urusan etungane manungsa.

Ramannipun Sang Prabu Sitawaka ing nagari Gilingngaya, kataman rubeda warni-

warni sasakit reresah sasaminipun andadossaken boten tentremming praja satalatahhipun, amarengngi taun condra sangkala 387 tinengerran *pujaning brahmana guna*, awit saking kaparengngipun Sri Prabu Sitawaka, Brahmana Raddhi ing ngandong dhadhappan, kadhawahan numballi nagari satalatahhipun,

Pethikan ing ndhuwur nuduhake yen lingkungan Kraton Surakarta nganakake upacara kanggo golek keslametan. Keslametan kanggo warga, pamrintah, lan nagarane. Upacara kasebut ditindakake kanthi nganakake kurban kebo lawung siji. Supaya ora ana panca baya kang ngalang-alangi sajrone urip. Ora ana maneh lelara, kesusahan tumrap wargane. Apa wae kang ditandur bakal tuwuhan ngrembaka saengga asile uga nyenengake.

### Nyingkiri kabodhoan

Bodho kasebut sipat kang nggambaraké kahanan nalika pawongan ora nyadharí marang samubarang, nanging isih nduweni kabisan kanggo mahami bab kasebut. Mula saka iku, kabodhoan kudu disingkiri. Kanggo nyinkiri sipat kasebut kudu sinau kanthi tumemen. Wujud sipat kasebut dijentrehake saka anane tradhisi Rampog macan. Tradhisi kasebut ditindakake kanggo tujuwan nyinkiri kabodhoan.

### Kelingan marang Gusti Allah

Kantri anane tradhisi tedhak siti menehi pituduh yen sajrone urip iku tansah kelingan marang Gusti. Perangan kang nuduhake yen kita kudu eling marang sing kuwasa yaiku munggah andha arjuna. Upacara iki minangka simbol yen manungsa bakal ngadhepi warna-warna masalah sajrone urip. Ngelingi yen masalah bisa dirampungake kanthipituwe Gusti Allah. Kantri mangkene bisa tansah kelingan marang kang agawe urip.

## PANUTUP

### Dudutan

Adhedhasar asile panliten saka rolas bab kang ana sajrone serat *Narpawandawa Surakarta*, mula bisa didudut yen irah-irahane serat kasebut katulis cetha ing manggalane. Serat kasebut ditemokake saka kapustakan pribadi kagungane Bapak Agus Prasmono. Serat kasebut ditulis nggunakake medhia cetak kanthi aksara Jawa. Asmane panulis mujudake sawijine panitya kang disebutake kanthi gamblang. Kahanane serat isih apik lan kacane jangkep, dumadi saka 64 kaca. Wektu panulisane nalika tanggal 3 Januari 1929.

Asile panliten saka serat *Narpawandawa Surakarta* bisa diweruhi yen kahanane tulisane serat isih cetha, saengga bisa diwaca kanthi gamblang. Serat kasebut ditulis saka asile rembugan ing antarane amonge Ratu Surakarta. Serat awujud gancaran, awujud tembang ing perangan ngarep, lan ana gambar-gambar kang ora ana kacane kanggo nyethakake ngenani andharan.

Panintinge serat *Narpawandawa Surakarta* ngandhut babagan kang onjo, yaiku ngenani tradhisi-tradhisi kang ditindakake dening masyarakat kraton,

yaiku tradhisi Mahesa Lawung, Tradhisi Grebeg, lan Tradhisi Rampog Macan. Tradhisi Mahesa Lawung mujudake sawijine tradhisi kang dianakake dening pawongan ing saben wiwitane taun. Tradhisi kasebut minangka tradhisi bersih dhusun kanthi syarat numbali kebo siji menyang Krendhawahan. Tradhisi kasebut dilakoni kanthi tujuwan ngalap barokah dewa kanggo keslametane negara lan penduduke. Sawise agama Islam mlebu ing tanah Jawa, upacara kasebut isih tetep dilaksanani, nanging dibarengi kanthi donga-donga Islam.

Tradhisi Grebeg yaiku upacara adat awujud sedhekah kang ditindakake dening pihak kraton marang masyarakat kang awujud gunungan. Lumakune upacara kasebut saka kamandhungan tumuju menyang Sitinggil. Lumakune upacara kasebut kairing dening sakabehe kang rawuh lan swarane gamelan Monggang mujudake tandha supaya gunungan wiwit dilakokake. Tradhisi iki sajrone setaun ditindakake kaping telu, yaiku grebeg mulud nalika tanggal 12 Rabiulawal, grebeg syawal nalika tanggal 1 Syawal, lan grebeg besar nalika tanggal 10 Dzulhijah. Gunungan kang minangka syarat lan saranane ana telung werna, yaiku gunungan jaler, gunungan estri lan ancak saradan. Cacahe gunungan jaler ana 12, gunungan estri ana 12, lan anakan gunungan ana 24.

Tradhisi Rampogan macan yaiku sawijine upacara kang nduweni tujuan kanggo ngedu macan karo kebo kang sabanjure macan diudani senjata dening para abdi dalem kang cacahe akeh banget nganti mati. Mula bukane tradhisi nalika taun 1623 utawa watara abad kaping-17 ing jaman paprentahane Sinuwun Mangkuratjagad ing Kartasura. Acara kasebut ditindakake ing alun-alun sisih Lor kang biasane digunakake kanggo nyambut tamu agung. Tradhisi biasane wiwit ditindakake ing wayah esuk. Acara diwiwiti kanthi saperangan abdi dalem gandhek apangkat bupati mudha kanthi busana kampuhan laras karo kalungguhane lan mlaku alon-alon kairing gendhing tumuju kandhang macan. Tetandhingan bakal rampung yen salah sawijine kewan kasebut wis mati. Saliyane andharan mau tradhisi liyane kang tinemu ing serat *Narpawandawa Surakarta* kayata Tradhisi Mitoni, Tradhisi Tedhak Siti, Tradhisi Supitan, lan Tradhisi Mantenan. Tradhisi kasebut minangka tradhisi kang isih katindakake ing kraton lan uga katindakake ing masyarakat awam nganti saiki.

Sajrone serat *Narpawandawa Surakarta* ngandhut nilali-nilai, yaiku nilai sosial, nilai didaktis, lan nilai filsafat. Babagan kang gegayutan karo nilai sosial, kayata: gotong royong lan ngilangi kesenjangan sosial. Babagan kang gegayutan karo nilai didaktis yaiku rasa kurmat, njaga kesehatan, lan dermawan. Dene, babagan kang gegayutan karo nilai filsafat, yaiku wujud syukur, golek keslametan, nyinkiri kabodhoan, lan kelingan marang Gusti Allah.

### Pamrayoga

Panliten *Narpawandawa Surakarta* iki isih adoh saka kasampurnan, isih akeh babagan kang bisa ditintingi kanthi sawernane pamaregan sastra.

Saengga nuwuhake panliten-panliten anyar kang luwih jangkep lan sampurna. Panliten-panliten kang anyar diajab bisa nambahi khasanah ilmu ngenani sastra Jawa anyar kanthi sawernane kaendahan kang beda-beda.

Kanthi panliten iki dikarepake anane pepenginan masyarakat kang asing tumrap sastra Jawa anyar luwih nggumun kanggo saderma tepungan karo reription sastra kasebut. amarga kanthi tepung karo reription sastra bisa ngasilake rasa tresna marang asil reription sastra kang liyane.

## KAPUSTAKAN

- Baried, Siti Baroroh, dkk. 1994. *Pengantar Teori Filologi*. Yogyakarta: Badan Penelitian dan Publikasi Seksi Filologi, Fakultas Sastra, UGM.
- Bratawidjaja, Thomas Wiyasa. 1993. *Upacara Tradisional Masyarakat Jawa*. Jakarta: Pustaka Sinar Harapan.
- Geertz, Clifford. 1989. *Abangan, Santri, Priyayi dalam Masyarakat Jawa*. Jakarta: Pustaka Jaya.
- Koentjaraningrat. 1984. *Kebudayaan Jawa*. Jakarta: PN Balai Pustaka.
- Koentjaraningrat. 1985. *Kebudayan Mentalitas dan Pembangunan*. Jakarta: PT Gramedia.
- Koentjaraningrat. 2005. *Pengantar Antropologi: Pokok-Pokok Etnografi II*. Jakarta: Rineka Cipta.
- Nurgiyantoro, Burhan. 2009. *Teori Pengkajian Fiksi*. Yogyakarta: Gajah Mada University Press.
- Poerwadarminta, W.J.S. 1939. *Baoesastra Djawi*. Batavia: J.B.Wolters Groningen.
- Pramono, Made. Dkk. 2005. *Filsafat Ilmu (Kajian Ontologi, Epistemologi, dan Aksiologi Ilmu)*. Surabaya: Unesa
- Purwadi. 2009. *Sejarah Sastra Jawa Klasik*. Yogyakarta: Panji Pustaka.
- Ratna, I Nyoman Kutha. 2012. *Teori, Metode dan Teknik Penelitian Sastra*. Yogyakarta: Pustaka Pelajar.
- Rendra. 1984. *Mempertimbangkan Tradisi*. Jakarta: Gramedia.
- Saputra h, Karsana. 2008. *Pengantar Filologi Jawa*. Jakarta: Wedatama Widya Sastra.
- Saryono, Djoko. 2011. *Sosok Nilai Budaya Jawa (Rekonstruksi Normatif-Idealistis)*. Yogyakarta: Aditya Media Publishing
- Soeratman, Darsiti. 1989. *Kehidupan Dunia Kraton Surakarta 1830-1939*. Yogyakarta: Penerbitan Tamansiswa Yogyakarta
- Suwarni. 2007. *Sastra Jawa Pertengahan*. Surabaya: Bintang.
- Utomo, Sutrisno Sastro. 2005. *Upacara Daur Hidup Adat Jawa*. Semarang: Effhar.
- Wellek, Rene dan Austin Warren. 1990. *Teori Kesusastreaan*. Jakarta: Gramedia.
- Widayati, dkk. 2008. *Ilmu Sosial Budaya Dasar*. Surabaya: Unesa University Press
- Wiyonodipuro. 1986. *Babad Sala*. Sala

